ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№28 (24.466) • 2023 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 11, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и ІэтащхьэмрэПравительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къыззэритамкІэ

## Хабзэр хъумэнымрэ шынагъуэншагъэмрэ япэ ирагъэщ



**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ КъБР-м Хабзэм къемызэгъхэр къэмыгъэхъунымкІэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуІу зэхыхьэмрэ республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советымрэ я зэІущІэ.**

АБЫ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ **Мусуков Алий**, федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэ **Мэкъуауэ Тимур**, хабзэхъумэ, къэпщытакІуэ-кІэлъыплъакІуэ ІэнатІэхэм, щІыпІэ самоуправленэхэм, муниципалитетхэм я унафэщІхэр.

«2022 гъэм хабзэхъумэ ІэнатІэм лэжьыгъэшхуэ щызэфІагъэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэм, шынагъуэншагъэм щыкІэлъыплъынымкІэ. ЩІэпхъаджагъэу ялэжьхэм хэхъуакъым, дыгъуакІуэхъунщІакІуэхэми я бжыгъэр нэхъ мащІэ хъуащ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. Абы къыдэкІуэуи, республикэм и Іэтащхьэм Іуэхугъуэ щхьэхуэхэм ятеухуа лэжьыгъэр нэхъ щІакъузэн зэрыхуейр къигъэлъэгъуащ. Апхуэдэу терроризмэмрэ экстремизмэмрэ япэщІэтынымкІэ, экономикэ щІэпхъаджагъэхэр зэхэгъэкІынымкІэ, хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зэгъэкІуэкІынымкІэ, коррупцэм пэщІэтынымкІэ ирагъэкІуэкІ Іуэхухэм жыджэру къыпащапхъэщ, къищынэмыщІауэ, гъуэгухэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным, хъыбарегъащІэ технологиехэр къагъэсэбэпурэ щІэпхъаджагъэхэм япэщІэтыным нэхъ жыджэру иужь итын хуейщ. Гулъытэ нэхъ хуэщІыпхъэщ балигъыпІэ имыувахэр щІэпхъаджагъэ зэхуэмыдэхэм хэша мыхъунымкІэ, щІэпхъаджагъэ нэхъапэкІэ зылэжьахэм къытрамыгъэзэжынымкІэ лэжьыгъэ пыухыкІахэр къызэгъэпэщыным.

«УФ-м и Президент Путин Владимир ФСБ-м и зэІущІэм къыщыхигъэщащ 2023 гъэм япэ игъэщыпхъэ Іуэхухэр, ахэр хабзэхъумэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэми яхуэгъэзащ. Жылагъуэм и лъабжьэр къэзыгъэтІэсхъэну хэтхэр, къэралым пэщІэту, лъэпкъхэм яку зэгурымыІуэныгъэ дэлъхьэныр зи ІуэхущІафэ нэхъыщхьэу щыт гупхэр къыщІэгъэщынымкІэ, абыхэм хабзэм къемызэгъыу ялэжьхэр къызэпыудынымкІэ лэжьыгъэр жыджэру егъэкІуэкІыпхъэщ. Мыхьэнэшхуэ зиІэ объект зэхуэмыдэхэр, цІыхухэр куэду щызэхыхьэ щІыпІэхэр, АПК-м и предприятэхэр сытым дежи фи нэІэ щІэвгъэтын хуейщ. Зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр къыщыдэхъулІэнур, республикэм и цІыхухэмрэ жылагъуэ институтхэмрэ зэгъусэу дызэдэлажьэмэщ», - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

ЗэІущІэм къыщыхалъхьа Іуэхухэм ятеухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м щыІэ МВД-м и министр **Павлов Василий**, УФ-м ЮстицэмкІэ и министерствэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм и унафэщІ **Кужонов Жантемыр**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ **Говоров Сергей**, УФ-м и УФСИН-м и къудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и къуэдзэ **Къанкъул Аслъэн**, Урысейм и УФСИН-м и къудамэу КъБР-м щыІэм и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ инспекцэм и нэхъыщхьэ **Никитин Николай** сымэ. Апхуэдэу лъэпкъ, федеральнэ проектхэр зэрагъэзащІэм тепсэлъыхьащ министерствэ щхьэхуэхэм я лІыкІуэхэр. ЗэІущІэр зэрекІуэкІам теухуауэ унафэ пыухыкІахэр къащтащ.

## ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий иригъэкІуэкІащ Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ.**

ХЕЙМАЩЭ гъэмахуэ хъупІэхэм Іэщхэр зэрахунум, Іэщым я бжыгъэр гъэбэгъуэным, хъупІэхэр нэсу къэгъэсэбэпыным, Іэщхэм якІэлъыплъыну ветеринар ІуэхущІапІэхэр къызыхуэтыншэу щытыным, 2023 гъэм гъэмахуэ хъупІэхэр зэрыхуэхьэзырым тепсэлъыхьащ КъБР-м щІы, мылъку зэхущытыкІэхэмкІэ и министр **Тэхъу Аслъэн**.

2023 - 2025 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджет зэхэлъым техьэ кредит щІыхуэр зэрапшынынум и Іэмалхэр гъэбелджылыным теухуауэ Правительствэм къыхилъхьа проектыр къигъэнэІуащ КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Лисун Еленэ**.

«Экономикэ зыужьыныгъэрэ ІэмалыщІэхэмкІэ гъэпса экономикэрэ», «ЛэжьэкІэмрэ хъыбар егъэщІэкІэмрэ зыгъэпсынщІэ Іэмалхэр къыщагъэсэбэп жылагъуэ» къэрал программэхэм зэхъуэкІыныгъэ щхьэхуэхэр зэрыхалъхьэр жиІащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис**.

«КъБР-м и мэз ІэнатІэхэм зегъэужьыным», «Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным», «КъБР-м и щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэр къэгъэсэбэпыным» теухуауэ республикэм иІэ къэрал программэхэм халъхьащ мылъкум ехьэлІа зэхъуэкІыныгъэхэр.

ЦІыхухэр псыкІэ къызэгъэпэща хъун папщІэ КъБР-м и бюджетым къыхэкІыу щІыналъэхэм мы гъэм яІэрыхьэну мылъкур зытрагуэшэнум тепсэлъыхьащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэкоммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр **Бэрбэч Алим**.

- Проектыр дгъэхьэзыращ «КъБР-м и цІыхухэр псэупІэкІэ коммунальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ къызэгъэпэщыным» теухуауэ щыІэ къэрал прграммэм и мардэхэм тету. Республикэм проектым хухихащ сом мелуани 10,5-рэ. ЩІыпІэхэм я мылъкуу абы халъхьэнущ сом мелуани 3,5-рэ. Проектым теухуауэ къызэрагъэпэща зэпеуэм пхыкІащ Прохладнэ, Тэрч къалэхэр, Дзэлыкъуэкъуажэ. Уэшхыпсыр зрижэ бжьамийхэр, псыр зэрагъэкъабзэ ухуэныгъэхэр мылъкумкІэ щагъэтэмэмынущ а щІыпІэхэм.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ къат куэду зэтет унэхэм я псэупІэхэр зэрагъэпэщыжыным папщІэ ят ахъшэм къыхэкІыу мазэ къэс зыгъэзэж компенсацэм. Ар иратынукъым илъэсищым и кІуэцІкІэ псэупІэ коммунальнэ Іуэхутхьэбзэм и щІыхуэ зэтрезыгъэхьахэм. КъБР-м лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкІэ и министерствэм щІыхуэ зытелъхэм я хъыбарыр Іэрегъэхьэ ЖКХ-м.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

● Лъэпкъ Іуэху



## Дунейпсо адыгэ диктант

**Ди лъэпкъэгъухэр куэду щыпсэу республикэхэмрэ къэралхэмрэ илъэс зыбжанэ хъуауэ къыщызэрагъэпэщ Дунейпсо адыгэ диктант. Мы гъэм ар етхуанэу екІуэкІынущ. Адыгэ тхыбзэм и махуэм, гъатхэпэм и 14-м, ирырагъэхьэлІэ Іуэху дахэхэм ящыщ, лъэпкъым и цІыху пажэхэр, бзэмрэ хабзэмрэ зи гурыщІэм щызыгъафІэ хэкупсэхэр къызэщІэзыубыдэ а Іуэрытхыр къыхилъхьауэ щытащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм анэдэлъхубзэмкІэ и къудамэм. Диктантым и мурад нэхъыщхьэщ адыгэбзэм и пщІэр къэІэтыныр, лъэпкъым анэдэлъхубзэмкІэ бгъэдэлъ щІэныгъэр адэкІи егъэфІэкІуэныр, щэнхабзэр хъумэныр.**

МЫГЪЭРЕЙ диктантыр нобэ, гъатхэпэм и 11-м, екІуэкІынущ. Офлайн щыкІэм тету ар къыщызэрагъэпэщынущ ди республикэм и щІыналъэхэм, къалэхэм щылажьэ курыт школхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, библиотекэхэм. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр (аудиторэ №501-нэ, СГИ), КІуэкІуэ Валерэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетыр (экономикэ факультет, 4-нэ къат), Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Къэрал лъэпкъ библиотекэр. Диктантым сыхьэт 12-м щІидзэнущ.

Адыгэ диктантыр зытхыну гукъыдэж зиІэхэр абы хэт хъунущ онлайн щыкІэм тету, https://youtube.com/live/7mVrWoLxRi0?feature=share электрон хэщІапІэр къагъэсэбэпу. Апхуэдэхэм я лэжьыгъэхэр зы сыхьэтым къриубыдэу ягъэхьын хуейщ dahnalchik@gmail.com электрон пощтым.

Іуэху дахэм хэтыну къыхудоджэ адыгэбзэр фІыуэ зылъагъу, абы и къэкІуэнум ирипІейтей хэкупсэ псори. Ар итх хъунущ гукъыдэж зиІэ дэтхэнэми, и ныбжьми, ІэщІагъэми, бгъэдэлъ щІэныгъэми, бзэм зэрыхуэІэрыхуэми емылъытауэ. Адыгэ диктантым ехьэлІа Іуэху псоми нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ зыщыхуэпщІыфынущ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и intercircass.org сайтымкІэ. Апхуэдэуи фыщІэупщІэ хъунущ **89289109975**, **89286934817** телефонхэмкІэ.

Егъэджэныгъэ акцэр екІуэкІынущ Граждан жылагъуэм зегъэужьынымкІэ УФ-м и Президентым къыхилъхьа грантыр и лъабжьэу. Ар Президент грантхэм я фондым къыхэкІащ.

# ПщIэ зиIэ унафэщI

**Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат Къэралбий и къуэм и ныбжьыр мы махуэхэм илъэс 50 ирикъуащ. Ар ящыщщ иджырей зэманым декIуу лажьэ унафэщIхэм. Абы и щыхьэтщ зи Iэтащхьэ республикэм нобэ иIэ зыужьыкIэр, цIыхухэр зэрыхуэарэзыр, и хьэл-щэнкIи и лэжьыгъэкIи жылагъуэм зэрахузэIухар, зыхуигъэувыж къалэнхэр сыт щыгъуи зыхуей хуэзэу зэригъэзащIэр. Зи гугъу тщIы Iуэхугъуэхэр къытхуаIуатэ ди къуэш республикэм къикIыу къытIэрыхьэ хъыбархэм, Iэтащхьэм махуэ къэс илэжьхэр кърилъхьэу интернетым щиIэ напэкIуэцIхэм, дыкIуа нэужь тлъагъухэм.**



*КЪУМПIЫЛ Мурат Къэралбий и къуэр 1973 гъэм мазаем и 27-м АР-м и Красногвардейскэ районым хыхьэ Улап къуажэм къыщалъхуащ. Абы дэт 9-нэ курыт еджапIэр къиуха нэужь, Дон Iус Ростов ЦIыхубэ хозяйствэмкIэ дэт институтым щеджащ.*

*1993 гъэм и бадзэуэгъуэм щегъэжьауэ илъэскIэ Дон Iус Ростов щыIэ «Проагрос» хозяйственнэ ассоциацэм щылэжьащ. ИужькIэ Федеральнэ казначействэм и Красногвардейскэ къудамэм ревизор-контролеру щыIащ. 1997 гъэм и фокIадэм а IуэхущIапIэм и унафэщI ящIащ.*

*АдэкIэ АР-м щыIэ Федеральнэ казначействэм и управленэм и Красногвардейскэ район къудамэм и Iэтащхьэу ягъэуващ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Налогхэмрэ ар къыхэхынымкIэ УФ-м и министерствэм и инспекцэу Красногвардейскэ районым щыIэм и унафэщIщ, 2002 гъэм щIышылэм АР-м щыIэ Межрайонный ИФНС №1-м и унафэщIым и къуэдзэщ, 2002 гъэм дыгъэгъазэм а IуэхущIапIэм и унафэщI мэхъу.*

*2008 гъэм и мэлыжьыхьым КъумпIыл Мурат АР-м и премьер-министрым и къуэдзэм и къалэнхэр пIалъэкIэ игъэзэщIэну пщэрылъ щащI, мазэ докIри, АР-м и Президентым и унафэкIэ премьер-министр къулыкъум пэрагъэувэ.*

*2016 гъэм и фокIадэм КъумпIылыр хахащ Адыгэ Республикэм и Къэрал Совет-Хасэм и депутату, фокIадэм и 3-м щегъэжьауэ Къэрал Совет-Хасэм и унафэщIу щытащ.*

*2017 гъэм щIышылэм и 12-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ, КъумпIыл Мурат Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ игъэзэщIащ, а гъэм фокIадэм и 10-м АР-м и Къэрал Совет-Хасэм и депутатхэм Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэу хахащ.*

Ди къуэш республикэм и унафэщIу зэрылажьэрэ и хэку цIыкIум и зыужьыныгъэм куэд хилъхьащ КъумпIылым. НобэкIэ къапщтэмэ, Адыгейр жыджэру хэтщ федеральнэ программэхэмрэ лъэпкъ проектхэмрэ, ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр зыIэригъэхьэу. Абыхэм къапэкIуэ зыужьыныгъэмрэ дахагъэмрэ щынэрылъагъущ АР-м и къалащхьэ Мейкъуапи, адрей къалэхэми щIыналъэхэми. Къэбгъэлъагъуэмэ, Мурат зэрылажьэ пIалъэм къриубыдэу республикэм и экономикэм хэпщIыкIыу зиужьащ, Адыгейр щIыпIэ куэдым къыщацIыху хъуащ, урысейпсо рейтингхэм япэ иту къагъэлъагъуэхэм ящыщщ. А псори зи фIыгъэр унафэщIым гупсысэ зэтеубыда иIэу, жыжьаплъэу, политикэми, экономикэми фIыуэ хищIыкIыу, цIыхухэм я еплъыкIэхэр илъытэу зэрыщытырщ.

Урысейм къыщрахьэжьэ Iуэхухэр нобэ республикэм жану щызэфIах, бгъэдэлъ беягъхэмкIэ къэралым щынэхъ лъэрызехьэхэм ящыщщ. КъумпIыл Мурат и нэIэ тетщ экономикэм зегъэужьыным, цIыхухэр зыгъэпIейтейхэр зэфIэхыным, абыхэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуным теухуауэ щыIэ Iэмал псори къэгъэсэбэпыным. Ахэр цIыхубэм зэхащIыкIыу, зэгурыIуэу, зэдэIуэжу, ефIакIуэ зэпыту мэпсэу республикэр.

ПсэукIэм ехьэлIа Iуэхур псом япэ ирегъэщ унафэщIым, сыт хуэдэ Iэмал щыIэми къегъэсэбэп, нэхъыщхьэращи, цIыхухэм я гуныкъуэгъуэхэр елъагъу, жаIэхэр зэхех, къыхуатххэм йоджэри, ар и лэжьыгъэм щыщ мэхъу. Министерствэхэм къалэн щхьэхуэу яхуегъэув федеральнэ къулыкъущIапIэхэм жыджэру дэлэжьэнхэу, сэбэпынагъ куэд къахуэзыхь лъэпкъ проектхэр, къэрал, республикэ программэхэр и чэзум зыхуей хуэзэу гъэзэщIа хъуным быдэу кIэлъоплъ.

Адыгейм и псэукIэр зэрефIакIуэм, зэрызиужьым абы щыпсэухэми хьэщIэу еблагъэхэми гу лъатэ. Я гъуэгухэр, жылагъуэ щIыпIэхэр дахэу зэрагъэпэщ, спортым, щэнхабзэм, узыншагъэр хъумэным ехьэлIа IуэхущIапIэхэр къызэIуах, цIыхухэм я нэгу зыщрагъэужьыну щIыпIэхэр и куэдщ, сыт хуэдэ Iуэхутхьэбзэри Мейкъуапэ щыбгъуэтынущ, щIыналъэхэмрэ жылэхэмрэ еджапIэхэр, гъэсапIэхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр къыщызэIуах. А псор и щыхьэтщ Урысейм и Ипщэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъэгухэм ящыщу зыужьыныгъэмкIэ Адыгейр япэ зэритым.

Зи гугъу тщIыхэм къагъэлъагъуэ АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат и лъахэмрэ и хэкуэгъухэмрэ папщIэ и псэ емыблэжу и къулыкъум зэрыпэрытыр. Узыхуэлажьэ цIыхубэр къыпхуэарэзымэ, уи пщэ дэлъ къалэныр зыхуей хуэзэу бгъэзащIэу аращ. Республикэм исхэм я унафэщIым кърихьэжьэ сыт хуэдэ Iуэхури зэрыдаIыгъым нэрылъагъу къыпщещI ар. Апхуэмыдэу щытыфынукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, КъумпIылыр цIыхухэр «зылъэмыIэсыф» унафэщIкъым. Ар щIэхщIэхыурэ яхохьэ жылагъуэм, сыт хуэдэ Iуэхуми жыджэру хэтщ. Нэхъыжьхэм щахуэзи, щIалэгъуалэм я гъусэу Iуащхьэм щыдэкIи, лъакъуэрыгъажэкIэ къыщижыхьи, уеблэмэ, тетIысхьэпIэм тес нанэм деж къэувыIэрэ щыщIэупщIи щыIэщ. Апхуэдэу зэрыщытыр арагъэнщ абы цIыхубэм я дзыхь къыщIилэжьари пщIэ ин къыщIыхуащIри.

КъумпIыл Мурат и къалэн нэхъыщхьэр республикэр иригъэфIэкIуэнырщ, абы ис лъэпкъхэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу игъэпсэунырщ. Ар къызэрехъулIэм къыдэкIуэу, абы и гулъытэр ялъегъэсыф хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэми. Мурат мызэ-мытIэу яхыхьащ хэхэс адыгэхэм икIи игъэгушхуащ. КъищынэмыщIауэ, республикэм и бжэхэр яхузэIухащи, къэIэпхъуэжынуми, хьэщIапIэ къэкIуэнуми зыри пэрыуэгъу яхуэхъуркъым.

КъумпIылым и унафэкIэ, Адыгейм илъэс къэс кърегъэблагъэ ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм я щIалэгъуалэр. Ахэр щэнхабзэ, егъэджэныгъэ, турист Iуэхугъуэхэм хэтщ, зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр къыхузэрагъэпэщ, адыгэ къуажэхэм, щIыпIэ дахэхэм зыщрагъэплъыхь. Щапхъэ щхьэхуэу урикъунщ ВГТРК «Адыгея» каналым и журналистхэр щIэх-щIэхыурэ хэхэс адыгэхэм я деж зэрыкIуэр, абыхэм ятеухуа фильм гъэщIэгъуэнхэр зэрагъэхьэзырыр, телевизореплъхэр щыгъуазэ зэращIыр. Апхуэдэ дыдэу проектхэр яIэщ хэкум къэзыгъэзэжу, республикэм щекIуэкI гъащIэм хэзэгъэжа ди къуэшхэм ятеухуауэ.

Гулъытэ хэха хуащI хамэ къэрал къикIыжауэ АР-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щеджэхэми, абыхэм нэхъ кууэ адэжь лъахэр ирагъэцIыху, адыгэ хабзэхэм щагъэгъуазэ. Адыгэ къэрал университетымрэ Дюзджэ дэт университетымрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIауэ, я егъэджакIуэхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щрагъэдж Дюзджэ университетым Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм. КъищынэмыщIауэ, хэхэс адыгэхэм папщIэ тхылъхэр къыдагъэкIащ: хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я сабийхэмрэ еджакIуэхэмрэ папщIэ адыгей тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм щыщ зэрыт тхылъ; «Адыгеибзэр - сурэткIэ» псалъалъэ-тхылъ; хамэ къэрал ису адыгэбзэр зыджыну хуейхэм папщIэ зэрырагъаджэ тхылъ.

НобэкIэ Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, Европэм хыхьэ къэралхэм къикIыжауэ цIыху 2000 щопсэу Адыгейм. Я нэхъыбэр псэукIэм хэзэгъэжащ, балигъхэр мэлажьэ, ныбжьыщIэхэр йоджэ. УзыщыгуфIыкIынщ езыхэм я хьэрычэтыщIэ Iуэху яублэфауэ адэжь хэкум щылажьэхэри зэрымымащIэр. Ди лъэпкъэгъу къэзыгъэзэжахэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм, хэкум къыщалъхуа бынхэр зэраIэм, ахэр я лъахэм, я адэжь хэкум къызэрыщыхъум, зэрыщеджэм, дзэм къулыкъу зэрыщащIэм, зэрыщылажьэм и фIыгъэ куэд хэлъщ республикэ унафэщIым.

ЦIыхубэр къыхуэарэзыуэ, и лэжьыгъэм къыпэкIуэ хъерым республикэм зыдиузэщIу, и щхьэкIи и унагъуэкIи хэхъуэрэ фIыгъуэрэ щымыщIэу, иджыри куэдрэ лэжьэну, псэуну дыхуохъуахъуэ КъумпIыл Мурат.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**,
*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист.*



● КъБР-м и Прокуратурэм

# ЩIалэгъуалэм яIуощIэ

**Май районым и прокурор Лукьянов Артём «Прокурорым допсалъэ» проектым хиубыдэу район администрацэм и унэм щахуэзащ щIалэгъуалэм, абыхэм школхэм я класс нэхъыжьхэм щеджэхэри яхэту.**

ПРОКУРОРЫР тепсэлъыхьащ я къалэнхэм, къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ я лэжьыгъэм кърикIуахэмрэ Май районым хабзэр зэрыщыщытымрэ. Апхуэдэуи зэIущIэм и гугъу щащIащ хэкупсагъэм, гъащIэм и лъапIэныгъэхэм, дзэ Iуэху хэхам хэт ди хэкуэгъухэр дэIыгъыным.

ЩIалэгъуалэм я упщIэхэр ехьэлIат лэжьыгъэ зэхущытыкIэр зэIубзу щытыным, ныбжьыщIэхэм къару къахилъхьэу къалъытэу ираф псыхэкIхэр емыгъэщэным, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япэщIэтыным, хъыбарегъащIэ шынагъуэншагъэм, нэгъуэщI куэдми.

ЗэIущIэр зэIухауэ екIуэкIащ. Прокурорым дэтхэнэ зы упщIэми жэуап зэпкърыха иритащ, законым и пщалъэхэмрэ щапхъэхэмкIэ щIэгъэбыдауэ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ**.

## Мы махуэхэм

**Гъатхэпэм и 11**, *щэбэт*

♦**УФ-м Наркотикхэм якIэлъыплъынымкIэ и IуэхущIапIэм и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦**Уней хъумакIуэ агентствэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**1991 гъэм** КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къищта унафэм ипкъ иткIэ «Ленин гъуэгу» газетым и цIэр «Адыгэ псалъэу» зэрахъуэкIащ.
♦**1948 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Уэщхъун МуIэед**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 18, жэщым градуси 9 - 11 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 12**, *тхьэмахуэ*

♦**ИнтернеткIэ цIыхухэм якIэлъыплъыныр мыдэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм ЮстицэмкIэ и министерствэм и Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦**1912 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-ми КъБР-ми щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Хэку зауэшхуэм хахуэу хэта, 1965 - 1973 гъэхэм КъБКъУ-м и ректору щыта **КIэрэф Къамболэт**.

♦**1945 гъэм** къалъхуащ УФ-ми Адыгэ Республикэми я цIыхубэ сурэтыщI **Къат Теувэж**.
♦**1955 гъэм** къалъхуащ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Хъурей Арсен**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градуси 9 - 11 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 13**, *блыщхьэ*

♦**Вагъуэхэм щакIэлъыплъ щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм щагъэлъапIэ Геодезиемрэ картографиемрэ я лэжьакIуэхэм я махуэр**
♦**1939 гъэм** къалъхуащ УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Шурдым Юрэ**.
♦**1953 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, социологиемкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м, Социальнэ щIэныгъэхэмкIэ академием я академик, АКъУ-м и ректор **Хъунэгу Рашид**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 9, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Мывэ дзыкIэ зымыщIэм и щхьэм къохуэж.**

# «Фи Iэр зэрымыубыдмэ, гуапэу фызэхущымытмэ, лъэпкъым къэкIуэн иIэнукъым»

*Налшык мазитIым щIигъуауэ зыщызыгъэпсэху, Сирием и дамыгъэ нэхъ лъапIэу щыт «Республикэм и ЛIыхъужь» орденыр зыхуагъэфэща, генерал Чэпай Алаудин иджыблагъэ ди редакцэм къеблэгъати, и гурыгъу-гурыщIэхэм ди гуапэу зыщыдгъэгъуэзащ. Псом нэхъыщхьэу абы и псалъэхэм къыхэщыр «СхузэфIэкIыху, Хэкум сыкъэкIуэжынущ» зэрыжиIэрщ.*



**- Алаудин, адыгэбзэр фIы дыдэу зэрыпщIэм занщIэу гу лъыстащ. Уи гъащIэр къызэрекIуэкIам дыщыбгъэгъуэзэн?**

- Къэбэрдейхэр щхьэхуэу Хэкум щыпсэумэ, адыгейхэр Мейкъуапэ щыIэмэ, дэ Сирием щыIэхэр псори сыт щыгъуи дызэхэтащ: бжьэдыгъури, къэбэрдейри, абазэхэри. Абы къыхэкIыу дэтхэнэри фIыуэ къызгуроIуэ. Си гъащIэр зэпхауэ щытар дзэ Iуэхурщ. Сирием и Дзэ-хьэуа къарухэм сыхэтащ, кхъухьлъатэзехуэу сылэжьащ. 1967 гъэм журтым Джолан лъагапIэр щиубыдам къулыкъу есхьэкIырт. А зэманым си ныбжьыр илъэс 26-рэ хъуат, сылейтенант нэхъыжьт. Зауэр щекIуэкIым, къэралым унафэ къыдигъэкIат бийм и кхъухьлъатэу 5 къезудыхым «Сирием и ЛIыхъужь» цIэр зэрыфIащынум теухуауэ. Къапщтэмэ, а бжыгъэм нэхъыби къезудыхат. Арати, а дамыгъэри къызатащ, майори сыхъуащ. Псори зэхэту дзэм илъэс 42-кIэ сыхэтащ. Генерал сыщыхъуам, си ныбжьыр илъэс 43-рэ ирикъуат.

**- А IэщIагъэр дауэ къыхэпхат?**

- Кхъухьлъатэзехуэ сыхъуным пасэу сыдихьэхащ. Джолан лъагапIэхэр зэгуэр къытIэрыхьэжыным сыщIэхъуэпсу зэрыщытари абы и зы щхьэусыгъуэхэм ящыщу къыщIэкIынщ. Си сабиигъуэм адыгэхэр дыдэсу щытащ Джоланым щыIэ Эйн-Зиван жылэ цIыкIум. Аращ сыкъыщыхъуар. Къуажэ цIыкIум дзэм къулыкъу щызыщIэ щIалэ нэхъыжьхэр (си Iыхьлыи яхэту) куэду къыдэкIат. Абыхэм садэплъейрт, я фащэм, я зыIыгъыкIэм сыдихьэхыт, апхуэдэуи кхъухьлъатэхэр уэгум зэритыр сфIэтелъыджэу, сехъуапсэрт. Школым сыщыщIэсым кхъухьлъатэхэм я сурэт сщIыуэ щытащ, нэхъ балигъ сызэрыхъуу, сыкIуащ абы сыхуеджэну.

**- Сирием щыIэ адыгэхэр дауэ псэурэ? Къулыкъу лъагэхэр куэдым зрагъэгъуэтыфрэ?**

- Адыгэр дэнэ щыIэми, зыхэтым фIыкIэ къахощ. Ар лъэпкъым и лъым хэту аращ. Дзэм къищынэмыщIа, нэгъуэщI IэнатIэхэми къулыкъушхуэхэр щаIыгъщ. Сирием лъэпкъ куэд щызэхэсщ: адыги, хьэрыпи, ермэлыи, нэгъуэщIхэри. Тэмэму псори дызэгуроIуэ, дызэдолажьэ. Ауэ 2011 гъэм зауэр къэхъея нэужь, адыгэ куэд Сирием икIыжащ, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр. Ахэр щызэбгрыкIащ Тыркум, Иорданием, Германием, Канадэм, Финляндием - едапщанэрэ адыгэм и натIэ хъурэ Iэпхъуэн хуейуэ?!

**- Адыгэ хабзэхэр дауэ фхъумэрэ?**

- Зыри дгъэкIуэдакъым. Адыгэ фащэри, къафэри, джэгури - псори диIэщ. Адыгэ Хасэхэм анэдэлъхубзэр щрагъэдж, зэрыхъукIэ, ди щэнхабзэр хамэщIым щыдохъумэ. Сабийхэм адыгэцIэхэр яфIыдощ. Джоланым дыщысым, адыгэ жылэхэм адыгэбзэкIэ фIэкIа дыщызэпсалъэртэкъым, хьэрыпыбзэр школым щызэдгъащIэрт. Ауэ мы зэманым, фэ урыс псалъэхэр къызэрыхэвгъахуэм ещхьу, дэри ди щIэблэм хьэрыпыбзэр нэхъ къатекIуэ хъуащ.

**- КъызэрызгурыIуамкIэ, иджы япэу Къэбэрдейм укъэкIуэжауэ аращ.**

- Дзэм сыщыхэт зэманым Урысейм куэдрэ сыкъэкIуащ лэжьыгъэ IуэхукIэ. Къэзахъстанми Белоруссиеми куэдрэ сыщыIащ, Москва къалэм - мызэ-мытIэу. Ауэ адыгэхэр зэрыс щIыналъэхэм сыкъэсатэкъым зэи. ИкъукIэ Хэкур дахэу къыщIэкIащ. Си Iыхьлы, ныбжьэгъу куэд щыIэщ мыбы. Сэ фIыуэ слъэгъуащ Хэкур. Мыбы щыслъэгъуар нэхъ ипэIуэкIэ, нэхъ сыщIалэу си нэгу щIэкIауэ щытамэ, сыкъэкIуэжыпэнт сыщыпсэуну. Хэкур си нэгу къызэрыщIэзгъэхьэу щытам нэхърэ нэхъ гуапэжу къыщIэкIащ.

**- Уи унагъуэм и гугъу уэзгъэщIынут, Алаудин.**

- Сыунагъуэшхуэщ. Хъыджэбзибл сиIэщ.

**- Абыхэми егъэщIа адыгэбзэр, ирипсалъэрэ?**

- Си щхьэгъусэр шэшэнщ, сэ сыадыгэщ, дызыхэсым я нэхъыбэр хьэрыпщ. Абы къишэр сыт жыпIэмэ, языхэзми шэшэныбзэрэ адыгэбзэрэ ящIэ, ауэ хьэрыпыбзэр нэхъ къагъэсэбэпын хуей хъуащ. Еджахэщ, щIэныгъэ нэхъыщхьэхэр зрагъэгъуэтауэ мэлажьэ. Хэкум къэкIуэну я гум илъщ.

**- Ди Хэкум исхэм сыт яжепIэнт уэ?**

- Мейкъуапэ, Черкесск, Сочэ къалэхэм сыщыIащ, иджы Къэбэрдейм сыкъэсащи, сызыIущIауэ хъуам яжесIаращ: «Фи Iэр зэрымыубыдмэ, гуапэу фызэхущымытмэ, лъэпкъым къэкIуэн иIэнукъым. Фи бзэр фхъумэу, цIыхугъэмрэ хабзэмрэ фытету щIэблэм фахуэсакъмэ, аращ нэхъ лъапIэныгъэ дыдэр».

**- Упсэу, Алаудин. Тхьэм уигъэузыншэ!**

*Епсэлъар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ.**





# Сабийхэм къабгъэдэкI письмохэр

**Республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм я сабийхэри хэтащ «Сэлэтым деж кIуэ письмо» акцэм. Урысей гвардием и дзэ къулыкъущIэхэрэ и лэжьакIуэхэу зи къалэнхэр зэгъэбыдылIа частхэм пэIэщIэу езыхьэкIхэм ныбжьыщIэхэм хуатхащ абыхэм зэрыригушхуэр къызыхэщ тхыгъэхэр.**

АПХУЭДЭУИ сабийхэм ягъэхьэзыращ Урысей гвардием и лэжьакIуэхэм я хахуагъэмрэ псэемыблэжыныгъэмрэ папщIэ фIыщIэ зэрыхуащIыр къыщагъэлъагъуэ открыткэхэмрэ сурэтхэмрэ. Ахэр псори Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм иратащ, зыхуатхахэм Iэрагъэхьэжын папщIэ.

- Мыпхуэдэ письмохэм дзэ къулыкъур езыхьэкIхэр къызэщIаIэтэ, ягъэгушхуэ, - жиIащ полицэм и щIыналъэ управленэм и лэжьакIуэ, майор КIэфо Залым.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**



Тхыдэ

# ФIэщхъуныгъэм игъэкIуэда щIэныгъэ

**ЖаIэ тхылъ лъапIэхэр къыщымыунэхуам цIыхум щIэныгъэрэ Iущыгъэрэ бгъэдэмылъауэ. Ар пэжкъым. Илъэс мини 3 - 4-кIэ узэIэбэкIыжмэ псэуа хьэтхэм, мысырхэм, шумерхэм, аккадхэм я гъащIэм, фIэщхъуныгъэм, тхыдэм, IэзэкIэм тепсэлъыхьу къызэранэкIа гъущIынэтхым къищынэмыщIа, тхылъымпIэм тедзауэ библиотекэ псо щыIауэ щыташ Мысырым.**

ЦИВИЛИЗАЦЭМ щIэныгъэу зригъэгъуэтам и хъумапIэ телъыджэу Александрие библиотекэр ди лъэхъэнэм ипэкIэ 300 гъэхэм къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы щахъумэрт Гомер, Платон, Сократ, нэгъуэщI философхэмрэ тхакIуэхэмрэ я IэдакъэщIэкIхэр. Языныкъуэхэм жаIэ а библиотекэр щымыIэххауэ. Сыту жыпIэмэ, е ар здэщыта щIыпIэ, е библиотекэм и къутахуэ, е абы щIэлъауэ зы тхыгъэ цIыхум илъэгъуакъым.

Арами, тхыдэджхэр щыхьэт тохъуэ александрие тхылъ хъумапIэм и «хьэмтетыгъуэ» дыдэм медицинэм, тхыдэм, математикэм, астрономием, хуитыныгъэм, литературэм ехьэлIауэ папирус мелуанныкъуэ щIэлъу зэрыщытам.

КъищынэмыщIауэ, хъыбарыжьхэм къызэрыхэщыжымкIэ, ди лъэхъэнэм ипэкIэ 246 - 222 гъэхэм Мысырым и пащтыхьу щыта Птолемей Ещанэм унафэ ищIат дунеижьыр къызэхэзыкIухь хытетхэм тхылъу зэхуахьэсыр библиотекэм щахъумэну. Гу лъытапхъэщи, щIэныгъэ хъумапIэ телъыджэм щIэлъ тхыгъэхэр мыгъуэтэн, мыупсэпсэн папщIэ, хьэуар хуиту щызекIуэу, гъущэу, къабзэу зэрахьэрт.

Александрие тхылъ хъумапIэр библиотекэ и закъуэ мыхъуу, дуней псом и гъунапкъэ зэмылIэужьыгъуэхэм икIыурэ еджапIэ кIуэхэм я екIуэлIапIэт. Абы къэхутэныгъэхэр щрагъэкIуэкI пэш куэд иIэт, дэтхэнэри щIэныгъэ щхьэхуэхэм хуэгъэпсауэ. КъищынэмыщIауэ, иIэт зоопарк, жыг-хадэ, хасэ щызэхашэ пэшышхуэ, уеблэмэ лабораторэ. Абы щылэжьащ щIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, физикэм, математикэм, химием я хабзэ нэхъыщхьэхэр къэзыхута щIэныгъэлIхэу Евклид, Архимед, Гелесий сымэ, нэгъуэщIхэри. Библиотекэм и унафэщIхэм мылъкушхуэ трагъэкIуадэрт тхылъыщIэ къэщэхуным. Псалъэм папщIэ, Алыджым, Къэжэрым, Индием, Палестинэм, Африкэм, нэгъуэщI щIыналъэхэм кърашырт тхылъ бжыгъэншэхэр.

Александрие библиотекэм кIуэдыжыпIэ хуэхъуам теухуауэ хъыбар зыбжанэ щыIэщ. ЖаIэ чыристан диныр къыщыунэхуагъащIэм фIэщхъуныгъэм зригъэкIуэкIа цIыхухэм абы мафIэ щIадзэу ягъэсауэ, зэтракъутауэ, зы тхыгъи къэмынэу ягъэкIуэдауэ. НэгъуэщI хъыбарымкIэ Цезарь Юлий ягъэкъуаншэ. Ди лъэхъэнэм ипэкIэ 48 гъэм мысыр хыдзэм Александриер иубыдыну хуейуэ къебгъэрыкIуат. Бийр гъунэгъуу зримыгъэкIуэлIэн папщIэ, Цезарь унафэ ищIащ мысыр кхъухьхэм мафIэ щIадзэу ягъэсыну. Апхуэдэуи ящIат. Ауэ мафIэм хы Iуфэм Iут ухуэныгъэхэм зридзри, къахуэмыгъэувыIэжурэ къалэр исащ, библиотекэри щIыгъуу.

Урым философ, драматург Сенекэ зэритхыжамкIэ, «а мафIэсым тхыгъэ мин 40 хэкIуэдащ». Алыдж тхыдэтх Плутарх и тхыгъэхэм тепщIыхьмэ, «библиотекэ телъыджэр» зэрыщыту мафIэм исат.

Иджыри зы хъыбар... 640 гъэм Амр ибн ал-Ас дзэзешэр зи пашэ хьэрыпыдзэр теуат Александрием. Библиотекэ телъыджэм и хъыбар зэхэзыха хьэрыпхэр никъуакъуэрт ар я нэкIэ зрагъэлъагъуну хуейуэ. Ауэ Омар хъалифым игу дыхьакъым тхылъ хъумапIэм щызэхуахьэса щIэныгъалъэ бжыгъэншэхэр. «Ахэр КъурIэным зэран къыхуохъу, ди тхылъ лъапIэм итым къемызэгъыу е щыхьэт тохъуэ. Абы щыгъуэми мы тхылъ хъумапIэр лейщ, КъурIэным и закъуэ дрикъунущи», - жиIауэ щытащ хъалифым.

Апхуэдэу жиIа нэужь, унафэ ящIат библиотекэм щIэлъ тхылъымпIэхэр гъэсыныпхъэу къагъэсэбэпыну. Александрие и зыгъэпскIыпIэ мини 4 ягъэплъащ мази 6-кIэ, библиотекэм щIэлъа тхылъхэр ягъэс защIэкIэрэ! А хъыбарыр къыщаIуэтэжар илъэс 300 дэкIауэщ.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

**● Гъуэгуанэ тхыгъэхэр**

# Адыгэбзэм Лабэ Iуфи сынегъэс



**НэхъапэIуэкIэ сытетхыхьат Адыгэ Республикэм хыхьэ Еджэрыкъуей къуажэм пщэдджыжьым жыуэ лъакъуэрыгъажэкIэ сыкъыдэшэсыкIыу, а жылэр зыбгъэдэс Лабэ псышхуэм сыбгъурыту, ипщэкIэ, къуршхэр здэщыIэ лъэныкъуэмкIэ, зэрыдэзгъэзэяуэ щытам.**

АТIЭМИ, иджыри къыздэсым къызэрытлъэIэси щымыIэу къекIуэкIа щыIэкIэ-псэукIэхэм, ипэкIэ дымылъэгъуа щIыпIэхэм зекIуэ гъуэгуанэм дыщыхуишэкIэ, дыкъыщыщIидзам, «уарэ, аргуэру дыкъыщыбэдзэуэжаи!» жыдигъэIэу, зэщIэнауэ щыта ди Iэпкълъэпкъри къыщызэщоуж, ди псэхэми тыншыгъуэ гуэрхэр къыщыхопсэж.

Зыми иумыгъэщхьын гукъыдэжым дыхэзышэ зэхъуэкIыныгъэ телъыджэхэм лъабжьэ яхуэхъур, шэч хэмылъу, зекIуэ гъуэгуанэм къыщыддэунэху теплъэгъуэхэм нэ щIэщыгъуэкIэ дазэрыIуплъэрщ, дымыцIыхуу щытам «дыкъызэфIигъэщIэнущ» хужыдмыIэу, «къыдэджам» дызэрыпэджэжырщ.

### И ублэкIэ хъуар

Налшык - Мейкъуапэ автобусым Куэшхьэблэ деж пщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу сыкъыщикIащ. Къыздисха «гъущIышым» къыщIэсхауэ щыта и шэрхъхэр щIэсIуэнтIэжри сышэсащ. Сигу ислъхьат Еджэрыкъуей къуажэм пшапэр зэхэмыуэ щIыкIэ сынэсынуи, а пщыхьэщхьэм ар къызэхъулIащ. А жылэм бысым щысхуэхъуащ благъагъэкIэ къызгъухьэ Тхьэрыкъуахъуэ Къаплъэн и унагъуэр.

Нэху щыщым, сыкъэтэджри унэм сыкъыщIэкIащ. Унагъуэр зей нэхъыжьхэр си япэжкIэ къызэщIэушауэ зи бжэр IугъэзэщIыкIа лэгъунлейм щIэст. ПщIантIэм сызэрыщыпэщащэр щалъагъум, «умышхауэ уемыжьэ» жаIэри, схуагъэхьэзыра Iэнэм сыбгъэдагъэтIысхьащ. Шхын гурыхьхэмкIэ сызэIурыщ, абы папщIэкIи бысымхэм фIыщIэ яхуэсщIри, сыкъэтэджыжащ.

### Еджэрыкъуей сыкъыдошэсыкI

КъыскIэлъыдэкIа бысымхэмрэ сэрэ дызытехьар уэрамдэкIти, гъуэгу нэхъыщхьэм сынэсыху лъакъуэрыгъажэр Iэдэжу сшащ. АдэкIэ зыщIислъэфыхьыжын щыIэжтэкъыми, зи «шхуэмылакIэр» алъандэрэ сымыутIыпща «гъущIышым» сышэсащ икIи ипэ пщыхьэщхьэм сыкъыздеха лъэныкъуэмкIэ дэзгъэзэижащ.

А махуэм си мурадт Еджэрыкъуей сыдэшэсыкIыу, ипщэкIэ къэлъагъуэ къуршхэмкIэ щыIэ Псебай (Псыбэ, Кхъужьыб) къуажэшхуэм сынэсыну.

ЖыпIэнур арамэ, Куэшхьэблэ нэс дэлъ гъуэгуанэр, си Iэпкълъэпкъыр къызэщIигъэплъа мыхъумэ, къызэрыстехьэлъэ щымыIэу къызэзнэкIащ.

Ауэ, сэ а жылэм сыкъыщыувыIакъым, кIуэ си псылъэм итыр щызэсхъуэкIамэ сщIэркъым армыхъуамэ...

### Гъуэгуанэм къыпысщэу

А лъэхъэнэм нэхъ сыдэзыхьэхыу щытар адыгэхэр щыпсэуа бгылъэ жыжьэрылъэIэс щIыпIэхэм зыщысплъыхьынырт арати, мы зекIуэм щыщу гукъинэж нэхъ сщыхъуахэм щыщIадзар декIуэкI сэнтхым Лабэ и ныджэм зыщхьэщиIэтыкIа иужькIэщ.

АдэкIэ сызрихьэлIэн хуейр къэбэрдей адыгэ жылэу Блашэпсынэти, гъуэгу нэхъыщхьэр зэрыблашам къызэкIыу, а къуажэм сыдыхьэну къысхуихуакъым.

Мы жылэхэр зэрызэпэщIэхам и гугъу тщIымэ, Еджэрыкъуейрэ Куэшхьэблэрэ километр 15 я зэхуаку дэлъщ, Куэшхьэблэрэ Блашэпсынэрэ километр 11,6-кIэ зэпэщIэхащ. Ауэ щыхъукIи, Блашэпсынэ сыщынэсам километр 27-м нэблагъэ къызэзнэкIат.

Иджы, къыкIэлъыкIуэ лъэбакъуэу счын хуейр лабэдэс къэбэрдей адыгэ къуажэхэм ящыщу ищхьэхэмкIэ нэхъ къыщызэтена Хуэдз жылэшхуэм сынэсыныр арати, гъущIыш цIыкIумрэ сэрэ ди лъэдийхэм нэхъри зедгъэукъуэдиящ, дыкъызэрыувыIакIэ щымыIэу.

Уегупсыс зэрыхъунумкIи, здынэсыну зи нэ къызыхуикI лъэныкъуэхэм абы ипэкIэ зэи щымыIауэ, зызрипщытам зэрыхуэхьэзыр щIагъуи бгъэдэмылъу, зыIэщIимыгъэз и гъущIышым фIэкIа гъусэ имыIэу, зи гугъу тщIы гъуэгуанэм хуэдэм техьэну тегушхуа цIыхум гуфI кIуэцIылъу, нэгъуэщI-къинэмыщIхэмкIи гупсысапIэ зримытыжрэ зи яужь ихьа Iуэхуми зригъэтхьэкъуауэ щытын хуейщ.

### Хуэдз псым и Iуфэм

Дыздэжэм, зыри къыджезымыIэ урыс къутыр зыбжанэм даблэжащ.

Гъуэгум щыхэщIым, Хуэдз зи фIэщыгъэ къуажэм гъунэгъу сызэрыхуэхъуар кърисщIащ си пащхьэ къиихута лъэмыжым ипэ къит пкъом нагъыщэ папщIэу щыхагъэунэхукIа «Хуэдз псы» псалъэхэмкIэ.

КъызэрыщIидзымкIэ, Блашэпсынэ къыщыщIэдзауэ мыбдежым нэс дэлъ километр 42-м щIигъури сызытес лъакъуэрыгъажэмрэ сэрэ зы напIэдзэкъеигъуэу къыздэнэкIат.

Абдежым сыкъыщыувыIэмэ зэрынэхъыфIыр гукIи псэкIи зыхэсщIащ. Гъуэгубгъум сызэрыщепсыхыуи, гу лъыстащ ижьрабгъу лъэныкъуэр зи хэщIапIэ Хуэдз жылэр сыкъыщыувыIам зэрыпыIудзам.

Асфальт гъуэгу защIэкIэирижа сэ дыгъэ бзийр хъуэпсэгъуэу зыхэджэгухь ткIуэпсыбэм сыдимыхьэхыныр Iэмал зимыIэти, ар къитхъутхъукIыу здешкIурэх ныджэм сыдэмыхьэ щIыкIэ, иджыри зэ Iэхэлъахэм зыщысплъыхьащ. Си нэгу къыщIэувар гъэщIэгъуэнщ: ихъуреягъыр губгъуэщ, километр ныкъуэм нэблагъэм зы ухуэныгъи иткъым, итIани щIалэ цIыкIу гуэрхэр, къакъэ-пщIыпщIрэ щызэрызехьэу, лъэмыжым и ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ щIолъадэ-къыщыкъуокIыж. Абыхэм гу щылъыстэм, сахэмыхьэн щхьэкIэ, къысхуэнэжыр арати псы зэпрыупIэм и сэмэгу лъэныкъуэмкIэ дэздыхащ.

Пэжым фыхуеймэ, ныбжьыщIэхэр щыслъэгъуам япэу сигу къэкIар ахэр мы щIыпIэм узыщрихьэлIэнкIэ хъуну урыс къутыр гуэрым къикIауэт. АрщхьэкIэ, сызыщIэдэIукIмэ, телъыджэр арати, ныбжьыщIэхэр зэпадзыжу зэрызэпсалъэр дэ Къэбэрдейм къыщыдгъэсэбэп адыгэбзэрт!

Уасэ зимыIэтэкъэ, атIэ, Налшык нэс укъикIауэ, урыс хъужа къалэ, къуажэ куэдым уакъыфIэкIауэ, зэ еплъыгъуэкIэ щIыпIэ пхыдза дыдэу къэплъытэнкIэ хъунум къыбдалъхуа уи анэдэлъхубзэр къэзыгъэсэбэп ныбжьыщIэхэм уащыхуэзэныр?! Абы къыхэкIыуи, гъуэгуанэ мыцIыхум икIи жыжьэм кърикIуа сэ мыбдежым зыми хуэзмыгъэдэн жы къабзэ Iубыгъуэ къыщысIурыуам хуэдэт.

Сыкъагъэгумэщlами, «зыгуэркIэ Iэзгъэщт хъужыкъуэмэ» жысIэри, ныбжьыщIэ цIыкIухэр щызэжэм и лъабжьэкIэ сыщетIысэхащ, зэран сазэрыхуэмыхъунур си щытыкIэ псомкIи къэзгъэлъагъуэу. ИтIани, сыхуейт ныбжьыщIэхэм сызэрыадыгэр къезгъэщIэнуи, адэкIэ-мыдэкIэ къыщызыжыхыхьэм ящыщу, зы напIэзыпIэм гъунэгъу къысхуэхъуа щIалэ цIыкIум зыхуэзгъэзащ:

- Мо зыщывгъэпскIым деж апхуэдизу кууурэ ара, щхьэкIэ зыщIыхэвдзэр? - жысIэри.

- АтIэ! - жэуап къызитыжащ езыми, сызэрызыпигъэплъа щымыIэу.

«Ярэби, сызэрыадыгэр модрей и гъусэхэми яжриIэжыну пIэрэ?» жысIэрэ абыкIи си гур згъафIэу, псым зыкъыщызгъэщIыIэтыэри, и Iуфэм сыкъыIутIысхьэжащ. Мо сыздешам, щIалэ цIыкIухэр зэрызэдэгуфIэм сагъэгушхуарэ си щхьэми пщIэ хузагъэщIыжу, абдежым тэлайкIэ сыщысыжащ, щIызыхэсщIэ псори зэзгъэщIэгъуэкIыжрэ гупсэхугъуэ инми сызэщIищтауэ.

Ауэрэ здекIуэкIым, ныбжьыщIэхэм зыкъызэщIакъуэжри, къуажэкIэмкIэ драгъэзэижащ, сэри, адэкIэ къыспэщылъыр сщIэжырти, мы щIыпIэм афIэкIа зыщислъэфыхь зэрымыхъунум си гупсысэр хуэзгъэкIуэжащ.

### Ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэхэми сащыIуощIэ

Арати, Тхьэщlы бгыжьыр зи «гущапIэ» къуршыпс уэр цIыкIум и ушэ макъым щIэщхьэукъуIа, зи нэзыр нэгузегъэужьыпIэ зыхуэхъуу IузыгъэзыкIыжа ныбжьыщIэ цIыкIухэм я адыгэбзэ щабэм щIэдэIукIа сэ а щIыпIэм сыкъыIукIыжащ.

КъызэзнэкIа лъэмыжым километри 5 хуэдиз сыкъыфIэжами арагъэнт, гъуэгум зэрыпыIукIуэта щымыIэу, я щIыб къыдэт губгъуэшхуэм щыхэша хьэсэхэми я гъунэгъуу, хьарбызрэ хъэуанрэ абдеж дыдэм щызыщэ цIыхубзитIыр сыздэжэм къыщыслъэгъуам. АдэкIэ цIыху гуэрхэри хьэлъэзешэ машинэхэри, дыгъэпсым зэщIигъэнауэ, хьэсэм хэтт.

Сату зыщIхэм си нэ щIатенари, «сабгъэдыхьарэт» си гум щIыжиIари а напIэзыпIэм къызгурыIуэжащ: мо гъуэгу жыжьэм дыгъэми ипхъэхыу псыми зыщызыгъэпскIыжа сэ «ерыскъы щIэщыгъуэ гуэр зыIузгъэхуарэт» жысIэу, сыкъэмэжэлIэжат.

Арати, хьарбыз-хъэуан зэщхьэщыпщIыкIхэр блэжхэм яхуззыгъэтIылъуэ щхьэлъащIэхэм яхуэзанщIэу сыкъэувыIащ.

Мыбдежми сызэгупсысаращ: «Мис иджы мыхэр, дауи, нетIрей щIалэ цIыкIухэм хуэмыдэу, урыс лъэпкъым щыщу къыщIэкIынхэщ». АрщхьэкIэ, нэхъ пасэу сызэпсыха лъакъуэрыгъажэр Iэдэжу сIыгъыу сащекIуэтылIэм, аргуэрыжьти (ар сыт телъыджэ!) зэхэсхыр ди анэдэлъхубзэрщ.

Иджыщ щызгъэгупсыщар: «Мыбдежым сызыщыхуэзахэри Iэхэлъахэм зыщапIытI-зыщамыхузу, сыту хуиту ди бзэм ирищызэпсалъэрэ?» жысIэри.

СыздэкIуэм лъакъуэрыгъажэр езгъэтIылъэхри, бзылъхугъэ нафIэгуфIэхэм сабгъэдыхьащ.

Зэрыадыгэр апхуэдизу си гуапэ хъуат, си шыпхъу сахуэзам хуэдэуи, мо сыкъызэщIэплъам хъэуану къэсщэхуари здэзмыхьэжыу тIэкIу сакъыпыIукIуэтри, лъэныкъуэкIэ сыщетIысэхащ. Пэжщ, хъунрэ-мыхъунрэ сыщIэупщIа иужькIэ.

Дауи, мы цIыхубзитIым сазэрыдэуэршэрар ди адыгэбзэмкIэщ. А Iуэхугъуэм сэ сызэрыригушхуэм къызэрыкIэрыху щымыIэу, езыхэри, зэрыщыгуфIыкIар я нэгум къищу, къызэупщIащ:

- Уэ езыр дэнэ ущыщ? - жаIэри.

- Модэ КуэшхьэблэкIэ, - естыжащ жэуап абыхэм, кIуэ аракъэ, «Къэбэрдейм нэс сыкъикIащ!» жесIэмэ, зэхахар телъыджэщэ ящыхъунщ, гъуэгуми дыгъэми сызэрапхъэхар абы къафIыхыхьэжынщи, хьэщIагъэ къызэрызахын хуейм ириукIытэжынхэщ!» гупсысэр си щхьэм схуимыгъэкIыу.

ГъэщIэгъуэныр аращи, а лъэхъэнэми иджы нэхърэ мынэхъ мащIэу сыукIытэхт, сызыхуэзэр гугъу зэрезмыгъэхьыным, зэрызмыгъэгузэвэным сыт и щIыскIи яужь ситу...

### ЖылитIым я зэхуакум

ЗэрыжысIащи, сыкъыщежьэм сигу ислъхьат Лабэ ищхьэхэмкIэ ЦIыкIурэ Ину щызэхэлъэдэжым адкIэжкIэ щыIэрэ иужьрейм и тIуащIэр зэщызыкъузу зэпрызыхулыкI Къырылъэ шытхым и лъабжьэм километр 12,5-кIэ декIуэкI Псебай (Кхъужьыб) къуажэшхуэм и Iэхэлъахэм мы иджырей си зекIуэм си лъэр щезгъэувэхын хуейуэ.

Мураду сщIам тесщIыхьмэ, адэкIэ сыздынэсын хуейр Мостовской зыфIаща урыс станицэшхуэрат. Абы сыдыхьэн папщIэ, иджыри километр 16 хуэдиз къызэзнэкIын хуейт. Дауи, сызытехьа гъуэгуанэм елъытауэ, а пакIэри сэркIэ къызэнэкIыгъуейтэкъым. АрщхьэкIэ, сызэрешар кIуэ пэтми нэхъ зыхэсщIи хъуат. КIыфI къызэрыстехъуэнкIэ хъунури къысфIыхыхьэжати, жэщ щисхыну щIыпIэр зыхуэдэр къызэрысхуэмыщIэм си лъэр нэхъри щIигъащIэрт.

ИтIани, дыгъэ къухьэжыгъуэм нэблэгъэпа пэтми, «дгъэунэхункъэ адэкIэ зэрыхъур» жысIэщ, ерыщагъыр зытезгъакIуэри, Мостовскойми сынэсащ. Станицэ кIыхьышхуэм сыкъыщымыувыIэу сыпхыкIащ. Иужьым къызэрысжаIэжамкIэ, ар а лъэхъэнэми районым и къуажащхьэти, абы хьэщIэщ дэмытыныр Iэмал зимыIэт...

АдэкIэ къыспэщылъыр Шедок (Шэдыкъуэ) зыхужаIэ къуажэм (мыри къэзыгъэунэхужар урысхэрщ) си лъэр нэсхусыныр арати, жылитIым я зэхуаку дэлъ гъуэгуанэм (километр 24-рэ) и ныкъуэр сIуакъэ иджы щыхысIэм, гузэвэным, адэкIэ-мыдэкIи симыгъэкIуэу сиубыдыпащ...

Нобэр къыздэсми согъэщIагъуэ Хуэдз къуажэм и Iэгъуэблагъэм щызыхэсщIа гукъыдэж дахэм иужькIэ адэкIэ щыслъэгъуахэм ящыщу си гум IэфIу къинэжар зэрымащIэ дыдэр, кIуэ аракъэ, а лъэныкъуэмкIэ адыгэ зэримысыжыр абы япэкIи зэхэсхам и мызакъуэу, псэми зыхищIа къыщIэкIынт.

АрщхьэкIэ, урысхэр щынэхыбэми, кIыфI мыхъу щIыкIэ Псебай сынэсыну сщIатэмэ, апхуэдизу сыкъэмыдзыхэнкIэри хэлът, ар къалэ цIыкIу хуэдэрэ зыгъэпсэхупIэхэри щыкуэду къысщыхъурти...

«Шу закъуэ» гъуэгуанэу зи гугъу сщIым сыщытехьа лъэхъэнэм жып телефони Интернети щыIэтэкъым.

Фегупсысыт, атIэ, фыкъэдзыхэнтэкъэ фэри, здынэсыну и нэ къызыхуикI щIыпIэм абы ипэкIэ зэи зэрыщымыIам и мызакъуэу, нэзышэсыну гъуэгуанэми хуэмыхьэзырыщэу техьа цIыхум и пIэ фитатэмэ?

Дыгъэ къухьэжыгъуэм къызэрыщIидзыжар арати, а махуэм си гъущIыш цIыкIумрэ сэрэ дэгъэзэигъуэ защIэу къызэднэкIам и лейуэ (километр 83-рэ), Мостовскойм дыщхьэпрыкIыжу Шэдыкъуэ (Шедок) дылъэIэсын папщIэ, къызэрыхэзгъэщащи, иджыри километр 25-рэ хуэдиз ткIун хуейт. АдэкIэ Псебай унэсын щхьэкIэ дэлъым а лъэхъэнэм сыщыгъуазэтэкъыми (километр 13), ари къызэрымыкIуэу кIыхьу мо сыздешам къысщыхъурт, дыгъэри хуэегъэзыхыгъуэ дыдэ зэрыхъуам нэхъри сыкъигъэгузавэу...

Дапхуэдэу хъуами, а махуэм Лабэ псышхуэм и Iуфэм сыIуту дэгъэзэигъуэ защIэу скIуар икъусыкъужьIэ мымащIэу (километр 95-м нэблагъэ) къыщIэкIащ, лъакъуэрыгъажэ спортым зыдезыгъэхьэххэм жаIэм тетщIыхьмэ, Мостовскойрэ Шедокрэ (Шэдыкъуэ) я зэхуаку сызыщызэщIэувыIыкIа иужькIэ, къызэрезгъэзыхыжам и гугъу дывмыгъэщIыххи.

Ауэ ар кIэлъыкIуэ хъыбарщ...

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**




● Интернетым дыкъыщоджэ

# Дыркъуэ

ЩІалэ тэмакъкІэщІым и адэр зыкъомрэ кІэлъыплъа нэужь, гъущІ Іунэ къэп хуигъэуври, унафэ хуищІащ зэ къэгубжьыху бжыхьым зы гъущІ Іунэ хиукІэну.

Япэ махуэм бжыхьым гъущІ Іунэ пщІы бжыгъэ къыхэхутащ. КъыкІэлъыкІуэ тхьэмахуэм щІалэм нэхъ зиІыгъыжыф хъуагъэнт, гъущІ Іунэ бжыгъэр нэхъ мащІэ хъурт, зыхуэсакъыжырт. ЩІалэм къыгурыІуащ гъущІ Іунэ хэбукІэн нэхърэ зыпІыгъыныр зэрынэхъ тыншыр.

Арати, щІалэр зэи къыщымыгубжьа махуэ къэсащ. Абы и хъыбар и адэм щыхуищІым къыжриІащ, зыгуэрым ущІэмыкІиеу, и жагъуэ умыщІу махуэр бгъэкІуамэ, пщыхьэщхьэм зы гъущІ Іунэ къыхэпчыж хъуну.

Зэман куэди дэкІащ, ауэ зы махуэ гуэр къуэр гуфІэу адэм деж щІыхьащ, «хэзукІа гъущІ Іунэхэр къыхэчыжын сухащ», - жиІэри. Адэм къуэм и Іэр иубыдри бжыхьым иришэлІащ.

- Хъарзынэу упэлъэщащ, ауэ мы бжыхьым гъуанэу къытебнар плъагъурэ? Мыр зэи адрейхэм хэгъуэщэжынукъым. ЦІыхум игу щІыхьэн гуэр щыжепІэм и деж мис апхуэдэ дыркъуэ гум къытренэ. Абы иужькІэ дапщэрэ къыпхуигъэгъуну уелъэІуми, уІэгъэр кІыжыркъым. Абы ухуэсакъыну сынолъэІу, щІалэ.

● Хабзэм щыщ

# Пщэдэлъхьэ

Нысашэм хыхьэу, хабзэ зэмылІэужьыгъуэ Іэджэ щыІащ Джылахъстэнейм. «Пщэдэлъхьэ» жаІэрти, джэгум хэт хъыджэбзхэм зы хабзэ гуэр ирагъэкІуэкІырт. Ар Къэбэрдей лъэныкъуэм яхэлъакъым.

Ар зищІысыр мырат: хъыджэбзищу зэдэщІыгъуу къежьэрти, джэгу утыкум къихьэрт. Зым напэІэлъэщІ, зым махъсымэбжьэ, ещанэм шхын тепщэч яІыгъыу. Ахэр джэгум къеувэкІа щІалэхэм яхэплъэрт къакІухьурэ, зыгуэр нэхъ къызыпыкІын хуэдэм (хьэщІэми хэгъэрейми ядэрт) напэІэлъэщІыр и пщэм далъхьэрт. Ар зи пщэм далъхьам махъсымэбжьэри иратырт. Шхын тепщэчыр абы къыбгъэдэтым ІэщІагъэувэрти, хъыджэбзхэм кІэбгъу защІырти ІукІыжырт.

Махъсымэр щІалэхэм ирафын зэраухыу, хъыджэбзхэр къакІуэрт, напэІэлъэщІымрэ фалъэмрэ яхыжыну. Зэрыхабзэти, я щхьэ зэрыхуагъэфащэу, фалъэм ахъшэ илъу иратыжырт. Мис а щІыкІэм тету хъыджэбзхэм ахъшэ къыхахырт.

А напэІэлъэщІым «пщэдэлъхьэт» зэреджэр. Апхуэдэу зыщІ хъыджэбзхэр нысашэ зиІэ унагъуэм нэхъ я Іыхьлы гъунэгъухэрт.


Гъатхэр къихьащ!

● Лъэпкъ шхыныгъуэ

# Нартыху махъсымэ

Нартыху гъэлъэлъар псы хуабэкІэ ялъэс, псы хуабэм халъхьэ, хуабапІэм ягъэувври, жэщитІ-махуитІкІэ щагъэт, псым къыхахыжри, зэщІэуфауэ махуэ зытІущкІэ щагъэт, къикІыкІын щхьэкІэ. Нартыху къикІыкІар ягъэгъущри, мывэ щхьэлкІэ яхьэж. Аращ кІытэ хъужыр. ИтІанэ нартыху хьэжыгъэр ямыухуэнщІу псывэкІэ япщ. ХупцІынэм и бахъэ пщтырыр зэрыкІуэу, кІытэм и ныкъуэр хакІутэ, зэІащІэурэ гуэдз хьэжыгъэ хаудэри, щІапщэ. ХупцІынэм и щхьэр трапІэри, ІэфІ къыщІыхьэн щхьэкІэ сыхьэтих-икІэ щагъэт. ИужькІэ абы чыржын къыхащІыкІри, ягъажьэ. Ар тІэкІу ягъэупщІыІу, зэхапІытІэ, кІэструлышхуэм иралъхьэ, псы гъэва щІыІэ щІакІэри, зэхапІытІэурэ хъудыр ящІ. КІытэ къэнар абы хакІутэри, и щхьэр тепІауэ жэщитІ-махуитІкІэ хуабапІэм щагъэт, къэвэн щхьэкІэ. КъыщывэкІэ, абы тхъурымбэр къытехын хуейщ. Курыбэ (а псоми зэреджэр аращ) къэвар кхъузанэкІэ яз, псы гъэва гъэупщІыІужа тракІэм зэІахыурэ. Абы къыщІэкІар аргуэру бинт тІуащІэ-щащІэкІэ язри, зэІамыщІэу фошыгъу кІанэ халъхьэ. ИтІанэ и щхьэр тепІауэ хуабапІэм ягъэуври, жэщитІ-махуитІкІэ щагъэт. Абы и ужькІэ адыгэ дзасэр фІыуэ ягъэплъри, зэІащІэ, тхъуэплъ, плъыжь дахэ ищІын щхьэкІэ. Зи къэвэн ирикъуа махъсымэр зэтежэбзыкІауэ щытщ. Махъсымэ къабзэр кхъуэщыным иракІэри, и щхьэр фІыуэ гъэбыдауэ щІыІапІэм ягъэув. Ар нэхъыбэрэ щытыху нэхъ гуащІэ мэхъу. Махъсымэр яза нэужь кхъузанэм къина щІакІэри сэбэпышхуэщ. Ар кІуэцІылъу щагъэлъа мэлыфэр псынщІэу мэтэдж, цыри нэхъ тыншу, къабзэу токІ.

*Халъхьэхэр:*

нартыху хьэжыгъэу - г 1830-рэ,
гуэдз хьэжыгъэу - г 200,
кІытэу - г 50,
шыгъуу - г 24-рэ,
тебэщыхуэу - г 10,
хупцІынэ зэрапщ псывэу - г 2820-рэ,
чыржыныр щызэхапІытІэкІэ щІакІэ псывэ гъэва гъэупщІыІужауэ - г 6580-рэ,
щазкІэ щІакІэ псы гъэва гъэупщІыІужауэ - г 8400-рэ,
фошыгъу кІанэу - г 5000.
А псоми махъсымэ хьэзыру къыхокІ - л 20.

*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.*

● ГушыІэхэр

# Аращ Хьэжмурид хуэфащэр

Хьэжмурид и фыз илъэс 60-м щхьэдэхар пщэдджыжь къэскІэ гъуджэм бгъэдоувэ, лэдэх зэфэзэщ хъуа и нэкІур фІыуэ къызэпеплъыхьри, гур зэрытепщахэр пщІэуэ жеІэ:

- Мис мыращ уэ пхуэфащэр, Хьэжмуридыжь!

* * *

Къуэр зилІэжу къыщІолъэдэж:

- Папэ, папэ! Ди маршынэр ирахужьащ!
- Плъэгъуа езыхужьа хьэбыршыбырыр?
- Слъэгъуащ.
- КъыпхуэцІыхужыну?
- Хьэуэ... Ауэ мис, - Іуахуа маршынэм и номерыр стхащ.

* * *

Гаишникхэр зэхэтщ.

- Феплъыт мо шэм хуэдэу къакІуэ «Жигули» цІыкІум!
- Сыт хуэдэ скоросту пІэрэ абы иІыгъыр?
- Ауэ хыфІэдзи, тумэн 15 и уасэ скорость.

* * *

Судьям:

- Мы маршынэр епхужьэнкІэ щхьэ хъуа, щІалэ?
- Уэлэхьи, зэрыхъуарам: кхъэм деж щытти, мыр зейр лІауэ къыщІэкІынщ, жысІэри...

* * *

ЩІалэжьыр кафем щІохьэри, аркъэ щапІэм дэтым йоупщІ:

- Уа, дыгъуэпшыхь мы кафем сыщыІауэ пІэрэ сэ?
- УщыІащ.
- Си лэжьапщІэр щисфыжащ, пэжкъэ?
- Пэжщ.
- Зы кІэпІейкІэ къэмынэу, пэжкъэ?
- Пэжщ.
- Уэху-ху-ху, Алыхьым и шыкурщ! Сэ згъэкІуэда си гугъэу зысшхыхьыжт.

**АГЪ Зэрэгъыж.**

**♦Хамэм ухуэмыубэ, быным ухуэмыдзыхэ.**
**♦ХьэщІэр бысымым и гъэрщ.**
**♦ХьэщІэр жэщищ исмэ, быным ящыщ мэхъуж.**
**♦Бажэм дыгъужьибл къегъапцІэ.**
**♦Бжьэм фо здэщыІэр ещІэ.**
**♦Былымыр жьы зэрыхъур и фэщ.**
**♦Гуэным имылъмэ, Іэнэми телъкъым.**
**♦Жылэм дэлъмэ, уиІэщ.**
**♦ЖысІэр щІэ, сщІэм уемыплъ.**
**♦ГуэшакІуэ Іыхьэншэщ.**
**♦Губзыгъэм и гуІэгъуэр делэм и гуфІэгъуэщ.**
**♦Къуажэ зиІэ нэф нэхърэ - гухъу зыщІыф Іэшэ.**

● Псалъэ пэжхэр

# ГуэшакІуэ Іыхьэншэщ

**♦Гугъуехь зымылъэгъуам гъуэгуанэ хуэшэчыркъым.**
**♦Емынэм къелар хъумбылейм ехьыж.**
**♦Зыщэм и напэр къэзыщэхум и уасэщ.**
**♦ЕсыкІэ умыщІэмэ, ІупщІа псыми уитхьэлэжынщ.**
**♦КъуэщІий мафІэми шэ къегъэпщт.**
**♦ЗыщІэм жиІэркъым, жызыІэм ищІэркъым.**

# Псалъэзэблэдз



***ЕкІуэкІыу:*** **4**. Шым и кІуэкІэ. **5**. Пасэрей зауэлІ пыІэ. **6**. Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист, КъШР-м и адыгэ драмэ театрым зи цІэр зэрихьэ джэгуакІуэ. **7**. Шыгур Іуащхьэм псынщІэу къезымыгъэжэх пкъыгъуэ. **10**. Ди гъунэгъу лІыр ежьэжащ, и ... къурыкъуу. **12**. Лэскэн щІыналъэм хиубыдэ къуажэ. **13**. «ЩІыхь» орденым и нагъыщищри зрата адыгэ зауэлІ Мусэ ... **15**. ФызыфІ и ... сыт щыгъуи зэтетщ. **17**. Псы къэкъуалъэм къыщхьэщех. **19**. Адыгэ къэфэкІэ. **20**. Ар куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **21**. Пасэрей хъыбарегъащІэ.

***Къехыу:*** **1**. Зи жылэхэр бжьыхьэм фІыцІэ цІыкІу хъу къэкІыгъэ: хущхъуэгъуи наркотики къыхах. **2**. Налшык дэт Музтеатрым и уэрэджыІакІуэ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист ... Алий. **3**. Ефэндыхэм я нэхъыщхьэ. **8**. Зэгъунэгъу лъэпкъитІым я зэныбжьэгъуныгъэм ... быдэ иІэщ. **9**. Гъэш ... е Іэщ ... **10**. Хьэуа е газ иту къэпща гуэр. **11**. Былымыфэ вакъэ. **14**. Зи нэхэм фІыуэ ямылъагъу. **16**. Псы Іуфэ мывалъэ-пшахъуалъэ. **18**. ЕджакІуэхэм къуалэбзу ... ящІри жыгым кІэралъхьащ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

***Гъатхэпэм и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **1**. Бзаджэ. **3**. ЩІэини. **7**. Анэм. **8**. Уэшх. **9**. Лыд. **12**. Псэр. **13**. Дыщэ. **18**. КІуэм. **20**. Щхьэр. **21**. ЗекІуэ. **22**. Мыщэм. **23**. ЩхьэкІэ.

***Къехыу:*** **1**. Благъэ. **2**. Адэм. **4**. ИІэщ. **5**. Ишхын. **6**. Езым. **10** Іэр. **11**. Щын. **14**. Гуащэм. **15**. Лэпс. **16**. Узэсэ. **17**. ІэфІщ. **19**. Делэ.


Сылтранкель гуэлым и Iэгъуэблагъэ щIыпIэр


Сылтранкель гуэлыр

# Бгыщхьэ гуэлхэр

**Ди щIыпIэм ит къуршхэм я щыгум инуи цIыкIуи гуэл зэмыщхь куэд ущрохьэлIэ. Абыхэм ящыщщ Сылтранкельрэ Донгуз Орун-Кельрэ. Мы гуэлхэм ярыт псыр мылылъэм къыщIэжамрэ уэс ткIуамрэщ. Гуэлхэм уахэплъэмэ, уафэмрэ пшэхэмрэ гъуджэм хуэдэу къызэрищым таурыхъ гуэрым укъыщыхутауэ къыпщегъэхъу.**

КАВКАЗЫМ щыIэ бгыщхьэ гуэлхэм я нэхъ дахэ, нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыщ Сылтранкель гуэлыр. Ар метр 3900-рэ зи лъагагъ Сылтран бгымрэ метр 3899-рэ зи лъагагъ Мукал бгымрэ я зэхуакум дэтщ. Мы гуэлым и кууагъыр хэти метр 35-рэ фIэкIа мыхъуу жеIэ, хэти метр 200-м нэблагъэу хуегъэфащэ.

Гуэлым гектар 30 и инагъщ. Илъэсым щыщу мазибгъум абы и щхьэфэр тещтыкIауэ щытщ. Къурш джабэм иIэ къуэ зэв цIыкIу мыкуумкIэ гуэлым къыхэж псыр Сылтрансу псыежэхым и къежьапIэ мэхъу. Дунейм и щытыкIэм елъытауэ, гуэлым и фэм зехъуэж: зэми хужьыфэщ, зэми щхъуантIафэщ, зэми удзыфэщ. Гъэмахуэми псым щызэрехьэ мыткIужа мыл абрагъуэхэр. Мы щIыпIэм удз щхъуантIэ щыплъагъуркъым, ауэ зэрыщыту зыщIэгъэгъащ. Къурш бжэнхэр куэду щыхъуакIуэу щыболъагъу, цIыхухэми мышынэу къабгъэдохьэ. XIX лIэщIыгъуэм Сылтранкель гуэлым зы жэщым къуажэр зэрыщыту ихь пэтащ, и Iуфэр псым IуилъэсыкIри. А зэманым цIыхухэм абы нэс зэрыдэкIын гъуэгу яIэтэкъыми, екIуэлIэфхэртэкъым. Иджыпсту абы укIуэну нэхъ тыншщ, зыплъыхьакIуэхэм лъагъуэ кIуэцIрашащи, цIыху куэд йокIуэлIэф.

Дунеяплъэ Тепцов Василий а гуэлым деж 1892 гъэм зэрыкIуауэ щытар итхыжащ: «Джэдум хуэдэу бгым дыдэпщеин хуей хъурт, джабэхэм дыкъецIэнтхъуэхырт, зы мывэшхуэм дипкIыурэ адрейм дыпкIэрт. Ди Iэхэри ди напэхэри зэхэфыщIарэ уфIыцIауэ лъы къижырт, ауэ гугъуехь куэдым дыблэкIати, дыздежьам дынэмысу къэдгъэзэжмэ ди жагъуэ хъунут».


Сылтранкель гуэлыр гъэмахуэм


Донгуз-Орун мылылъэр

Бахъсэн Ипщэ къуажэм къыщыщIэдзауэ Сылтранкель гуэлым нэс километри 10 дэлъщ. Гуэлым узэрыкIуэ гъуэгур егъэлеяуэ дахэщ. Абы и япэ километри 6-р тыншщ. Къущхьэхъу хъупIэхэм уахэкIыу псей мэзым ущIохьэ, адэкIэ Сылтрансу псы Iуфэм уIуту уокIуэ. Гъуэгугъэлъагъуэхэр дэнэкIи фIэлъщ. Метр 2683-м утету, псы ежэхым уIуту уздэкIуэм, псыр щIы щIагъым щIолъадэри, къыщыщIэжыжыр метр 300-кIэ укIуа нэужьщ. АдэкIэ гъуэгум и нэхъ гугъум уносри, къуршым удэкIуеин хуей мэхъу, мывэ фIэкIа азыри ихъуреягъкIэ умылъагъуу.

Метр 300-м и ужькIэ жьы пхуримыкъуу узэрыхъури, гъуэгуанэ гугъу зэрызэпыпчари, гуэлым и дахагъым узэрынэсу псори пщегъэгъупщэж.

Мы щIыпIэм и дахагъым гур щеубыдыкI. Гуэлым и хъуреягъкIэ IупщIэ IупщIэу зэтелъу къат лIэужьыгъуэхэу иIэщ бгы фIыцIэшхуэхэр.

Гуэлым и деж ущыту уплъэмэ, пшэ щытемылъым и деж Iуащхьэмахуэ и къуэкIыпIэ лъэныкъуэр щыболъагъу.

Гъэмахуэми гуэлым ит псыр щIыIэщ, ауэ, абы емылъытауэ, язынықъуэхэм зыщагъэпскI.

Донгуз-Орун гуэлыр Iуащхьэмахуэ щIыналъэм хохьэ. Ар Урысеймрэ Куржымрэ я гъунапкъэ зэпылъыпIэм пэгъунэгъущ, Чегет бгым и ипщэкъуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ, Накра-Тау метр 4228-рэ зи лъагагъ бгымрэ Донгуз-Орун-баши метр 4450-рэ зи лъагагъ бгымрэ я зэхуакум хуозэ.

Гуэлыр мыл джейхэм кIуатэурэ зэхуакъуса къыр къутахуэм мылылъэхэм къыщIэж псыр къилъадэурэ къэхъуауэ аращ. Донгуз-Орун, Медвежий псыхэр гуэлым къолъадэ, апхуэдэуи Донгуз-Орун псым и къежьапIэщ.

Гуэлым ит псыр плъыфэ зыбжанэу зэхэтщ. Къурш джабэм къежэх псым минерал зэхуэмыдэхэр кърелъэсэхри, гуэлым холъадэ. Абы псыр зэмыфэгъу ещI. Гуэлым тыншу уокIуэлIэф. Чегет бгым дэкI кIапсэ гъуэгумкIэ укIуэу метри 100-кIэ лъэс лъагъуэм утету укъехыжмэ, гуэлым уIухьэнущ. Апхуэдэуи къущхьэхъу хъупIэхэм ухэту километр 8-кIэ укIуэми гуэлым ухуэзэнущ.

Гуэлым гъунэгъуу убгъэдыхьэну шынагъуэщ, и хъуреягъкIэ шэдылъэщ. Абы и гъунэгъуу иIэ бгы джабэхэр гъэмахуэм нэр игъэгуфIэу щхъуантIэщ. ЩIымахуэм гуэлым и ныкъуэр тощтыкI. Чегет хуейм укъеплъыхмэ, ар алэрыбгъу зэмыфэгъуу зэхэлъым хуэдэу болъагъу: гъуэжьу, удзыфэу, щхъуантIафэу, плъыжьу, гъуабжэу.

**БИЦУ Жаннэ.**


Донгуз-Орун гуэлыр здэщыIэ щIыпIэр


Донгуз-Орун гуэлыр гъэмахуэм

## Сабий 41167-м хуагъэуващ

**Урысейм и Социальнэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм илъэс 17 ныбжьым нэсым хиубыдэу 41167-м яхуигъэуващ къэралыр ядэIэпыкъуу мазэ къэс яритыну ахъшэр.**

АПХУЭДЭ лъэIуу 45516-рэ къыIэрыхьащ къудамэм. Иджы щIэм тету ят пособиер и пIэ иуващ нэхъапэм хуэныкъуэ унагъуэхэр дэIыгъынымкIэ лэжьа Iэмалитхум - япэ, ещанэ сабийхэр илъэси 3 ирикъухукIэ, илъэси 3-м къыщыщIэдзауэ илъэси 8-м, илъэси 8-м къыщыщIэдзауэ илъэс 17-м нэсыхукIэ мазэм тIэу ирату щытахэм, апхуэдэуи зэрыуэндэгъум пэкIуэу цIыхубзым зэ тыгъуэу зэрыдэIэпыкъуа ахъшэм.

ПособиещIэр хуагъэув зи хэхъуэр цIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуэныкъуэ ахъшэу щIыналъэм щагъэувам нэхърэ нэхъ мащIэхэм. Иратыну ахъшэр щагъэувкIэ зэпалъыт унагъуэм и хэхъуэхэмрэ мылъкумрэ, апхуэдэуи къалъытэ адэ-анэхэр лажьэмэ, - къет фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэм.

**УАРДЭ Жантинэ.**



## Гулъытэ хуащI

**«Гъатхэпэм и 8-р - дэтхэнэ унэми» урысейпсо акцэм хиубыдэу Шэрэдж районым и полицейхэр щыIащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда я лэжьэгъухэм я унагъуэхэм.**

УРЫСЕЙ МВД-м Шэрэдж районым щиIэ къудамэм и унафэщIхэмрэ гупымрэ къабгъэдэкIыу цIыхубзхэм гъатхэпэм и 8 махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ, мамырыгъэ, гуапагъэ, зэIузэпэщыгъэ, узыншагъэ быдэрэ гъащIэ кIыхьрэ яIэну зэрагуапэр къыхагъэщащ. ХэкIуэда я лэжьэгъухэм я анэхэмрэ фызабэхэмрэ саугъэтхэр иратащ, яIэ гугъуехьхэр зрагъэщIащ.

- Дэ сыт щыгъуи ди гум илъынущ ди ныбжьэгъухэр, ахэр иджыри ди сатырхэм хэт пэлъытэщ, - къыхагъэщащ полицейхэм.

Гулъытэ къызэрыхуащIым, сыт щыгъуи я нэIэ къазэрытетым, зэрызыкъыщIагъакъуэм папщIэ езыхэми фIыщIэ хуащIащ къахуеблэгъахэм.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.705 • Заказыр №489

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А